


BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

1.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun métode korélasional pikeun manggihan aya-henteuna hubungan jeung nalika aya hubungan, kumaha raketna éta hubungan sarta aya hartina atawa henteu (Arikunto, 2013, kc. 313). Kitu ogé numutkeun Siyoto (2015, kc. 100) nétélakeun yén panalungtikan korélasi mah dilakukeun pikeun nempo hubungan antara dua variabel. Ieu korélasi moal ngajamin ayana kausaliti (hubungan sabab-akibat), tapi kausaliti ngajamin ayana korélasi.

Dina ieu panalungtikan ogé miboga tujuan pikeun manggihan aya-henteu hubungan dua variabel, nyaéta pangaweruh éjahan (X) jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi (Y). Upama digambarkeun mah saperti ieu di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan Korélasional

1.2 Sumber Data Panalungtikan

1.2.1 Populasi

Populasi téh nyaéta sakumna tina kelompok nu bakal dicoko datana (Nurrahmah spk., 2021, kc. 33). Populasi dina ieu panalungtikan téh nyaéta sakumna kelas VII SMPN 7 Bandung anu jumlahna aya 354 siswa. Anapon ngawengku sabelas kelas VII, nyaéta VII-A nepi ka VII-K.


1.2.2 Sampel

Sampel mah mangrupa hiji sub kelompok tina populasi anu dipilih pikeun digunakeun dina panalungtikan (Amirullah, kc. 68). Nurutkeun Arikunto (2013) upama subjék panalungtikanna kurang ti 100, mangka sakumna populasi jadi sampel panalungtikan, tapi upama subjékna leuwih ti 100 bisa dicokot 10-15% atawa 15-25%. Dumasar kana tiori Arikunto, ieu panalungtikan nyokot sampel

sakelas anu jumlahna aya 35 siswa. Cara ngitung jumlah sampelna nyaéta $354 \times 10\% = 35,4$, dibuleudkeun jadi 35. Sampel panalungtikan anu dicokot nyaéta siswa kelas VII-G SMP Negeri 7 Bandung. Cara milih kelasna ngagunakeun média *Spin Wheel*. Kelas VII-G dipilih kalawan ngagunakeun téhnik *simple random sampling* sabab sarua karakteristikna. Karakteristik anu dimaksud nyaéta hiji tingkatan (kelas VII), guru nu ngajarna sarua, kurikulum, sarta bahan ajar nu digunakeun sarua.

1.3 Prosedur/Alur Panalungtikan

Prosedur lénglah-léngkah panalungtikan nu baris dilaksanakeun baris dipedar dina wangun bagan sangkan leuwih jéntré.



Bagan 3.2
Alur Panalungtikan

1.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data téh léngkah nu pangpentingna dina ngayakeun hiji panalungtikan. Tujuanana sangkan bisa ngajawab sagala patalékan nu aya dina rumusan masalah. Ku kituna, dina émprona tangtu panalungtik butuh nu ngaranna téhnik sangkan bisa nyangkingkeun data anu diperlukeun. Ku kituna, dina ieu panalungtikan panalungtik ngagunakeun téhnik tés pikeun ngumpulkeun data anu diperlukeun. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun tés pikeun ngukur pangaweruh jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII. Jadi, aya dua jenis soal tés, nyaéta tés pangaweruh éjahan jeung tés kamampuh nulis pangalaman pribadi.

1.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat pikeun ngukur hiji objék anu rék diukur atawa ngumpulkeun data tina hiji variabel (Matondang, 2009, kc. 87). Dina ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén tés. Anapon ieu di handap baris dibéréndélkeun wanda instrumén panalungtikan.

3.5.1 Wanda Instrumén Panalungtikan

Dina wanda instrumén dina ieu panalungtikan téh aya dua wanda nyaéta tés objéktif (pilihan ganda) jeung tés nulis carita. Ieu di handap aya kisi-kisi pangaweruh éjahan jeung tés nulis carita pangalaman pribadi.

KISI-KISI SOAL PANGAWERUH ÉJAHAN

KELAS VII

Jenjang Pendidikan	: SMP
Mata Pelajaran	: Bahasa Sunda
Kelas	: VII
Jumlah Soal	: 20 Soal
Bentuk Soal	: 20 PG

Materi Soal	Indikator Soal	Nomor Soal
Huruf vokal	Peserta didik dapat mengetahui huruf vokal	1
Huruf konsonan	Peserta didik dapat mengetahui jumlah huruf aksara konsonan	2
Huruf kapital	Peserta didik dapat mengetahui fungsi huruf kapital	3
Tanda titik	Peserta didik dapat mengetahui fungsi tanda titik	4-5
Tanda koma	Peserta didik dapat mengetahui fungsi tanda koma	6-7
Huruf kapital	Peserta didik dapat mengetahui fungsi huruf kapital	8-9
Tanda seru	Peserta didik dapat mengetahui fungsi tanda seru	10
Tanda titik	Peserta didik dapat mengetahui fungsi tanda titik	11
Tanda koma	Peserta didik dapat mengetahui fungsi tanda koma	12
Tanda seru	Peserta didik dapat mengetahui fungsi tanda seru	13
Tanda hubung	Peserta didik dapat mengetahui fungsi tanda hubung	14-15
Imbuhan	Peserta didik dapat mengetahui imbuhan depan	16
	Peserta didik dapat mengetahui posisi imbuhan depan	17
Preposisi	Peserta didik dapat mengetahui posisi preposisi	18
Tanda tanya	Peserta didik dapat mengetahui tanda tanya	19-20

Kisi-Kisi Tés Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi

Pék jieun carita Pangalaman Pribadi anu karandapan ku Hidep kalawan niténan katangtuan di handap.

1. Tulis dina kertas folio bergaris;
2. Panjang carita 2 paragraf;
3. Téma carita:
 - a) Mudik lebaran;
 - b) *Camping* Pendidikan Dasar (CPD);
 - c) PPDB atawa munggaran asup SMP.
4. Eusi carita pangalaman pribadi ngawengku:
 - a) Pangalaman méméh indit. (Caritakeun persiapanana, kajadian-kajadian anu kaalaman sméméh indit);
 - b) Pangalaman di perjalanan. (Caritakeun sakur nu karandapan di perjalanan);
 - c) Pangalaman prakna di tempat anu dituju. (Caritakeun kagiatan-kagiatanna, hal anu pikaresepeun, pikawaaseun, jst.);
 - d) Pangalaman waktu mulang. (Caritakeun sakur nu karandapan ku Hidep).
5. Aspék kabahasaan anu dipeunteun:
 - a) Eusi;
 - b) Organisasi eusi;
 - c) Tata basa;
 - d) Gaya basa;
 - e) éjahan.

1.6 Téhnik Analisis Data

Analisis data nyaéta salah sahiji prosés panalungtikan anu dilakukeun sabada sakabéh data anu diperlukeun geus kakumpul sacara lengkep (Muhson, 2006, kc. 1). Data anu geus lengkep dikumpulkeun téh perlu dianalisis sangkan bisa nyieun kacindekan jeung nyangkingkeun bongbolong kana pasualan anu ditalungtik.

Data anu baris diolah jeung analisis nyaéta data tés pangaweruh éjahan jeung tés kaparigelan ngalarapkeun éjahan. Anapon téhnik analisis data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta korélasi *Product Moment* Pearson ngagunakeun IBM SPSS vérsi 18. Léngkah-léngkah anu baris dipigawé di antara:

- a) Analisis tés pangaweruh éjahan;
- b) Analisis kamampuh nulis pangalaman pribadi. Unsur-unsur anu dipaluruh nyaéta *content* (eusi, gagasan anu diébréhkeun), *form* (organisasi eusi), *grammar* (tata basa), *style* (gaya: pilihan struktur jeung kosa kecap), sarta *mechanics* (éjahan). Anapon modél tabél aspék *penilaian* kamampuh nulis maké anu geus dimodifikasi ku Hartfield dina Nurgiyantoro (2001, kc. 307). Tabélna bakal digambarkeun di handap sangkan leuwih jéntré.

Tabél 3.1
Aspék Penilaian Kamampuh Nulis

No.	Aspék Penilaian Kamampuh Nulis	Skor	Kriteria
1.	Eusi	27 - 30	ALUS PISAN – HADÉ: informasi jelas, kamekaran idena geus sampurna, sarta eusina geus saluyu jeung pasualan naon anu dicaritakeun.
		22 - 26	CUKUP – ALUS: informasina alus, kamekaran idena kawatesanan, eusinana saluyu jeung pasualan anu dicaritakeun tapi teu lengkep.
		17 - 21	SEDENG – CUKUP: informasi kawatesanan, ide carita kurang, pedaran

			kurang dimekarkeun, sarta pasualanana kurang.
		13 - 16	Goréng – Kurang: euweuh eusina, euweuh kamekaran ide, jeung euweuh pasualan.
2.	Organisasi Eusi	18 - 20	ALUS PISAN – SAMPURNA: ékspresi lancar, gagasan diébréhkeun sacara jelas, padet, susunanna rapih, runtuyanna logis, sarta kahoésif.
		14 - 17	CUKUP – ALUS: kurang lancar, kurang sistematis tapi ide <i>pokok</i> masih kaciri, kurang bahan nu ngarojong, urutanna logis tapi teu lengkep.
		10 - 13	SEDENG – CUKUP: teu lancar, gagasan pabaliut, runtuyan jeung kamekaran idena teu logis.
		7 - 9	KURANG PISAN: teu komunikatif, teu sistematis, jeung teu cukup keur dipeunteun.
3	Kandaga Kecap	18 -20	ALUS PISAN – SAMPURNA: poténsi kanda kecap dimangpaatkeun, diksi jeung makéna kecap merenah, sarta ngawasa pangwangunan kecap.
		14 - 17	CUKUP – ALUS: ngamangpaatkeun poténsi kanda kecap, pilihan kecap sakapeung kurang merenah tapi teu ngaganggu ma'na.
		10 -13	SEDENG – CUKUP: poténsi ngamangpaatkeun kandaga kecap kawatesanan, mindeng salah makéna kekecapan nepi ka ma'na kurang jelas.

		7 - 9	KURANG PISAN: makéna kandaga kecap asal-asalan, pangaweruh kandaga kecapna handap, jeung kurang cukup keur dipeunteun.
4	Tata Basa	22 - 25	ALUS PISAN – SAMPURNA: konstruksi kompléks tapi éféktif, aya saeutik kasalahan dina ngagunakeun wangun kabasaanna.
		18 - 21	CUKUP – ALUS: konstruksi basajan tapi éféktif, aya saeutik kasalahan dina ngagunakeun wangun kabasaanna.
		11 - 17	SEDENG – CUKUP: konstruksi kalimah saralah antukna ma'na hésé dicangking
		5 - 10	KURANG PISAN: teu ngawasa aturan sintaksis. Kasalahanna loba. Henteu komunikatif jeung teu cukup pikeun dipeunteun.
5	Éjahan	5	ALUS PISAN – SAMPURNA: ngawasa kana palanggeran éjahan, ngan aya saeutik kasalahanna.
		4	CUKUP ALUS: aya saeutik kasalahan dina ngalarapkeun éjahan tapi ma'na henteu kabur.
		3	SEDENG – CUKUP: mindeng ngalakukeun kasalahan ngalarapkeun éjahan. Ma'na ngabingungkeun atawa kabur.
		2	KURANG PISAN: Teu ngawasa palanggeran éjahan, loba kasalahanna. Tulisan teu kabaca, teu cukup pikeun dipeunteun.

Tabél 3.2
Niléy Skala Lima

Interval Perséntase Tingkat Penguasaan	Niléy Skala Lima A-E	Katerangan
85% - 100%	A	Alus Pisan
75% - 84%	B	Alus
60% - 74%	C	Cukup
40% - 59%	D	Kurang
0% - 39%	E	Goréng

Dicutat dina Djumingin (2017, kc. 596)

- c) Nganalisis korélasi data tés pangaweruh éjahan jeung tés kamampuh nulis pangalaman pribadi ngagunakeun IBM SPSS vérsi 18;
- d) Nyindekkeun hasil analisis data.

Sabada kadua data diolah nepi ka aya hasil jeung kacindekanana, ieu panalungtikan disusun jadi laporan ahir. Éta laporan ahir téh nyaéta skripsi anu disusun luyu jeung katangtuan nu aya.

Dina Arikunto (2013, kc. 319) nétélakeun ngeunaan interprétasi niléy r . Éta interprétasi niléy r téh digunakeun pikeun ngukur geedéna niléy *koéfisién* korélasi.

Tabél 3.3
Interprétasi Niléy r

Gedéna niléy r	Interprétasi
Antara 0,800 nepi ka 1,00	Luhur
Antara 0,600 nepi ka 0,800	Cukup
Antara 0,400 nepi ka 0,600	Rada handap
Antara 0,200 nepi ka 0,400	Handap
Antara 0,000 nepi ka 0,200	Handap pisan (teu aya korélasi)

3.7 Hipotésis Panalungtikan

Hipotésis téh sipatna masih sementara bebeneranana nepi ka kabukti bebeneranana ngaliwatan data anu geus kakumpul (Arikunto, 2013, kc. 110). Hipotésis téh nyaéta hiji ébréhan ngeunaan dugaan kana hiji hal téh bener (Lolang, 2014, kc. 685). Hipotésis dina ieu panalungtikan, nyaéta:

H_0 (hipotésis nol): teu aya korélasi anu signifikan antara pangaweruh éjahan jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi.

H_a (hipotésis alternatif): aya korélasi anu signifikan antara pangaweruh éjahan jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi.

3.7.1 Uji Hipotésis

Dina ieu panalungtikan, uji hipotésis pikeun mikanyaho aya atawa henteuna korélasi jeung pangaruh antara pangaweruh éjahan jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi. Uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngawengku, (1) uji normalitas data, (2) uji linéaritas, (3) uji koéfisién jeung signifikansi korélasi, (4) uji koéfisién déterminasi, jeung (5) uji régrési.

3.7.2 Uji Normalitas Data

Uji normalitas dilakukeun pikeun mikanyaho sampel anu digunakeun tina sakumna populasi téh distribusina normal atawa henteu (Amry, 2011, kc. 207). Dina ieu panalungtikan ngagunakeun uji normalitas Shapiro-Wilk. Uji normalitas Shapiro-Wilk téh digunakeun lantaran jumlah datana kurang ti 50. Data anu digunakeun téh aya 35 siswa.

3.7.3 Uji Linéaritas

Uji linéaritas dilakukeun dina ieu panalungtikan pikeun mikanyaho variabel-variabel anu dianalisis téh miboga hubungan anu linéar (Widiarso, 2010, kc. 2).

3.7.4 Uji Koéfisién jeung Signifikansi Korélasi

Uji korélasi dilakukeun pikeun manggihan aya atawa henteuna hubungan jeung nalika aya hubungan, kumaha raketna éta hubungan sarta aya hartina atawa henteu (Arikunto, 2013, kc. 313). Dina ieu panalungtikan ngagunakeun korélasi Pearson atawa *Product Moment* lantaran distribusi datana normal jeung linéar.

3.7.5 Uji Déterminasi

Uji déterminasi digunakeun pikeun mikanyaho gedéna pangaruh variabel kamampuh nulis pangalaman pribadi (Y) kana variabel pangaweruh éjahan (X). Ieu di handap mangrupa data hasil uji déterminasi korélasi antara pangaweruh éjahan jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII-G.

3.7.6 Uji Régrési

Uji régrési digunakeun pikeun mikanyaho aya atawa henteuna pangaruh variabel pangaweruh éjahan (X) jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi (Y).